


# RÈG SOU PWOSESIS

## KISA RÈG SOU PWOSESIS AZIL LA YE?

Ofisyèlman yo konnen Règ sou Pwosesis Azil la kòm "Pwosedi pou Depistaj Laperèz Kredib ak Konsiderasyon pou Azil, Refi pou Depòtasyon, ak Reklamasyon Pwoteksyon CAT pa Ofisyè Azil yo." Règ sou Pwosesis Azil la se yon chanjman nan fason bagay yo te konn fèt avan. **Gouvènman Ameriken an sèlman itilize nouvo règ la pou yon ti kantite ka nan sèten kote, kidonk li enpòtan pou konprann ansyen sistèm nan ak nouvo règ la.**

## ORÈ AK PWOSEDI RÈG SOU PWOSESIS AZIL LA



**Dapre ansyen sistèm nan, apre li fin pase CFI li, migran an ale dirèkteman nan yon odyans ak yon Jij Imigrasyon. Sepandan, reta pou odyans sa yo tèlman long, tout pwosesis la ka pran plis pase 5 ane. Avèk nouvo règ la, demann azil yo trete nan kelke mwa.**

## KISA NOUVO RÈG LA VLE DI POU MWEN?

Gen anpil chans pou sa pa vle di anyen pou ou. Depatman Sekirite Enteryè Etazini (DHS) te itilize nouvo règ la pou yon ti kantite migran adilt ki poukont yo nan sèten lokal detansyon epi ki gen plan pou abite nan youn nan sèt vil sa yo: Boston, Los Angeles, Miami, New York, Newark, San Francisco oswa Chicago. DHS ka ogmante itilizasyon règ la, men nou pa konnen ki lè sa ka rive.

Si yo itilize nouvo règ la pou ou, li pral ba ou kèk pwoblèm. Nouvo règ la fè bagay yo mache pi vit, men li twò rapid. Prepare yon ka azil pran anpil tan. Nouvo règ la fè pwosesis la avanse tèlman vit ke li rann li trè difisil pou gentan prepare dokiman epi respekte dat limit yo, avèk oswa san yon avoka. Epi jwenn yon avoka rapid pou ede w ap difisil anpil.

**Patisipe nan rankont Sipò Pou Azil Vityèl BAJI Chak De Semen ak ekip Legal BAJI a! Eskane kòd QR la oswa vin jwenn nou nan [HTTPS://BIT.LY/BAJIASYLUMCLINICS](https://bit.ly/bajiasylumclinics). EMAIL [Juharah@BAJI.org](mailto:Juharah@BAJI.org) pou dat ak lè.**

